

## Mit anfas Reyalite Vaksen KOVID-19

*Mit: Vaksen KOVID-19 yo pa san danje.*

### **Reyalite: Vaksen KOVID-19 yo san danje epi efikas.**

Sekirite se tòm priyorite [pwosesis devlopman ak apwobasyon sekirite vaksen U.S. yo](#). Pwosesis devlopman pou vaksen KOVID-19 yo enplike plizyè etap konparab avèk sa yo ki itilize pou devlope lòt vaksen tankou vaksen pou grip oubyen woujòl, ki rive pwoteje avèk siksè divès milyon abitan Ohio pou divès deseni. U.S. la Administrasyon Alimantè ak Medikaman (FDA), egalman ak espesyalis medikal endepandan yo, te vin asire chak detay vaksen KOVID-19 yo konplètman ak rigourezman evalye. Gen prèv ki endike vaksen KOVID-19 yo pa genyen danje epi ap travay pou fè prevansyon kont KOVID-19. Pami de (2) premye vaksen pou mande ak FDA pou yon otorizasyon itilizasyon ijans, vaksen [Pfizer-BioNTech te 95% efikas](#), epi vaksen [Moderna te 94% efikas](#) nan faz 3 esè klinik yo avèk plis pase 70,000 patisipan ant tou de (2) etid yo. Malgre vaksen KOVID-19 pou tèt pa yo fèk rive devlope, teknoloji ki itilize nan vaksen ARNm yo, tankou sa Pfizer-BioNTech ak Moderna devlope yo, yo t'ap etidye yo depi plizyè deseni.

*Mit: Yo te prese fè vaksen KOVID-19 yo epi yo te devlope yo twò rapid.*

### **REYALITE: Devlopman vaksen KOVID-19 lan ak esè klinik yo te apwofondi, epi gras ak yon efò syantifik estratejik pou rasyonnalize pwosesis yo, te kapab devlope avèk plis efikasite.**

Pa t genyen okenn rakousi nan pwosesis devlopman vaksen an. Pwosesis la te pi rapid akòz [efò estratejik](#) ki te vize pou egzekite faz esè an menm tan yo, konsa tou yon angajman pou ede kondanse dèlè yo epi pou redui oubyen elimine peryòd datant plizyè mwa pandan dokiman yo ta ka prepare, oubyen an atant pou egzamine. An plis, pandan pwosesis devlopman vaksen an, PDG AstraZeneca, BioNTech, GlaxoSmithKline, Johnson & Johnson, Merck, Moderna, Novavax, Pfizer, ak Sanofi yo te fè yon [angajman istorik](#) ak mond lan, pandan yo te souliye yon angajman ki ini pou kenbe entegrite pwosesis syantifik la alòske y'ap travay pou divès depo reglemantè ak pou divès apwobasyon potansyèl premye vaksen KOVID-19 yo. Messenger RNA (ARNm), ki itilize pa de (2) premye vaksen yo pou mande otorizasyon itilizasyon ijans FDA (Pfizer-BioNTech ak Moderna), menmsi ki nouvo, li pa yon enkon. Chèchè yo t'ap etidye ARNm depi kèk deseni, ak divès esè klinik nan yon stad prekòs pandan yo t'ap itilize vaksen ARNm yo te reyalize pou grip, viris Zika, raj, ak sitomegalovirus (CMV). Avansman teknoloji ki resan nan byoloji ak chimi RNA, egalman tankou sistèm akouchman yo, te otorize vaksen KOVID-19 sa yo itilize ARNm pou yo devlope an tan ke vaksen ki asire epi efikas.

*Mit: Vaksen KOVID-19 yo pral obligatwa pou tout abitan Ohio yo.*

### **REYALITE: Ohio p'ap fè vaksinasyon KOVID-19 obligatwa.**

Eta Ohio a p'ap egzije okenn moun pou pran vaksen KOVID-19. Vaksen an pral disponib pou tout abitan Ohio yo ki chwazi pou resewa li, nan mezi ke kantite vaksen ki disponib yo ap ogmante.

*Mit: Ou kapab tou pran KOVID-19 nan vaksen KOVID-19 yo.*

### **Reyalite: Vaksen KOVID-19 yo p'ap ba ou KOVID-19.**

Okenn nan vaksen KOVID-19 yo ki an devlopman aktyèlman nan Etazini pa itilize viris vivan ki lakoz KOVID-19. Vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna se vaksen a baz asid ribonikleyik mesajè, oubyen ARNm. (Gade anba pou plis esplikasyon) Objektif vaksen KOVID-19 yo se anseye sistèm iminitè nou yo kòman pou rekonèt epi konbat viris ki lakoz KOVID-19 la. Pafwa pwosesis sa kapab lakoz efè segondè, tankou fatig, tèt fè mal, doulè oubyen woujè nan kote ou pran piki a, ak doulè miskilè oubyen nan atikilasyon yo. Sentòm sa yo nòmal epi yo se yon siy kò a ap konstwi iminite. Li pran tipikman kèlke semèn pou kò a konstwi iminite aprè vaksinasyon, epi gen kèk vaksen ki egzije de (2) dòz. Sa vle di li posib yon moun kapab enfekte avèk viris ki lakoz KOVID-19 la jis avan oubyen jis aprè li fin pran vaksen an epi li tonbe malad, paske fòk vaksen an pran tan pou li bay pwoteksyon. Aprann plis sou [kòman vaksen KOVID-19 la fonksyone](#).

*Mit: Vaksen ki itilize ARNm yo pral modifye ADN mwen oubyen konpozisyon jenetik mwen.*

### **REYALITE: Resevwa yon vaksen ARNm pa pral modifye ADN**

Asid ribonikleyik mesaje, oubyen ARNm pa kapab modifye konpozisyon jenetik (ADN) yon moun. ARNm ki soti nan vaksen COVID-19 pa janm antre nan nwayo selil la ki se kote ADN nan kenbe a, kidonk pa afekte ni entèraj avèk ADN ou nan okenn fason. ARNm ki soti nan vaksen COVID-19 yo kapab pi fasilman dekri kòm yon ansanm enstriksyon pou kò ou sou fason pou fabrike yon moso san danje "pwoteyin de-spikil" pou pèmèt sistèm iminitè nou yo rekonèt pwotein sa pa apateni ak la epi kòmanse konstwi yon repons iminitè epi fabrike antikò. Esansyèlman, vaksen COVID-19 yo ki itilize ARNm fonksyone avèk defans natirèl òganism lan pou devlope nan tout sekirite iminite a viris la, ki bay ak selil ou yo yon chema sou kijan pou fabrike antikò yo. Aprann plis sou [kòman vaksen COVID-19 la fonksyone](#).

*Mit: Si mwen te refè anba COVID-19, mwen pa bezwen pran vaksen COVID-19 lan.*

### **REYALITE: Moun ki te refè anba COVID-19 kapab toujou benefisye de yon vaksinyasyon.**

Nan moman sa, espesyalis yo pa konnen konbyen tan yon moun kapab jwenn pwoteksyon kont maladi a aprè li fin refè anba COVID-19. Akoz de risk grav pou sante ki asosye ak COVID-19, epi akoz de re-yenfeksyon pa COVID-19 la ki posib, yo konseye pou moun yo pou yo fè vaksinen yo kont COVID-19 menm si yo te tonbe malad ak COVID-19 la avan sa. Iminite yon moun pran nan yon enfeksyon, ki rele iminite natirèl varye nan yon moun ak lòt. Iminite natirèl ak iminite vaksen endui se divès aspè enpòtan COVID-19 espesyalis yo ap eseye aprann plis sou yo, epi Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon federal (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pral kenbe piblik la enfòmè nan mezi pandan nouèl prèv vin disponib.

*Mit: COVID-19 la pa twò grav, donk mwen pa bezwen pran vaksen an.*

### **REYALITE: Gravite sentòm COVID-19 yo varye lajman, epi pran vaksen kapab ede fè prevansyon kont enfeksyon COVID-19.**

Pandan plizyè moun ki gen COVID-19 genyen yon maladi beniy, gen lòt ki kapab kontrakte yon [maladi grav](#) oubyen menm rive mouri. Pa genyen okenn mwayen pou konnen kòman COVID-19 pral afekte ou, menm si ou pa nan [risk konplikasyon grav ki ogmante](#). Konsa tou, si ou pran COVID-19, ou kapab pwopaje li ak zanmi, fanmi, ak lòt moun ki ozalantou ou pandan ou malad la. Vaksinyasyon COVID-19 la ede pwoteje ou pandan li pèmèt òganism ou kreye yon repons antikò san li pa bezwen soufri maladi a. Aprann plis sou [kòman vaksen COVID-19 yo fonksyone](#).

*Mit: Ou pral jwenn yon tès pozitif COVID-19 si ou resevwa vaksen COVID-19 la.*

### **REYALITE: Vaksen COVID-19 la p'ap lakoz ou teste pozitif pou tès viral COVID-19 yo.**

Vaksen ki kounye a nan esè klinik nan Etazini p'ap lakoz ou teste pozitif pou [tès viral yo](#), ki itilize pou wè si ou genyen yon enfeksyon. Si òganism ou devlope yon repons iminitè, ki se objektif vaksinyasyon an, gen yon posibilite pou w kapab teste pozitif sou kèk [tès antikò](#). Tès antikò ki endike ou te genyen yon enfeksyon avan epitou ou kapab genyen kèk nivo pwoteksyon kont viris la. Espesyalis yo pou kounye a ap gade kòman vaksen COVID-19 la kapab afekte rezilta tès antikò yo.

*Mit: Lòt vaksen yo, tankou vaksen kont grip, ap pwoteje kont COVID-19.*

### **REYALITE: Sèlman vaksen ki deziye espesyalman pou anpeche COVID-19 ki ap pwoteje ou kont COVID-19.**

Lòt vaksen yo, tankou sa yo ki pou grip, woujòl, lòt maladi yo, p'ap pwoteje ou kont COVID-19. Sèlman vaksen ki deziye espesyalman pou pwoteje ou kont COVID-19, yon fwa FDA fin apwouve yo pou itilize, kapab anpeche li. Pandan yon vaksen kont grip p'ap pwoteje ou pou w pa pran COVID-19, li kapab anpeche ou pran grip an menm tan ak COVID-19.

*Mit: P'ap genyen ase vaksen pou tout moun.*

### **REYALITE: Toutan pwodiksyon vaksen an ap kontinye ogmante, chak abitan Ohio yo ki chwazi pou fè sa pral kapab resevwa yon vaksen pou anpeche COVID-19.**

Nan kòmansman, lè FDA an premye otorize itilizasyon vaksen COVID-19 espesifik yo nan Etazini, pral genyen yon kantite limite dòz ki disponib. Ohio pran angajman pou fè vaksen lajman disponib, pou sila yo ki vle resevwa li, osi rapid ke posib lè ekspedisyon yo rive nan Ohio. Avèk tan, toutan pwodiksyon vaksen yo ap ogmante e gen gran kantite k'ap disponib, chak abitan Ohio ki chwazi pou yo fè li kapab pran vaksen.

*Mit: Vaksen KOVID-19 yo pral enplante nan moun mikwopis pou swiv yo.*

### **REYALITE: Enjeksyon vaksen yo pa genyen mikwopis pou swiv moun.**

Okenn enjeksyon vaksen oubyen pilverizasyon nazal – tankou enjeksyon KOVID-19 yo – pa genyen mikwopis, nanopis, detektiv RFID yo, oubyen dispozitif ki ta ka swiv oubyen kontwòlè kò ou yon sètèn fason. Tout kòm fason tout ekspedisyon oubyen livrezon yo swiv, ekspedisyon dòz vaksen yo pral jwenn siveyans pazapa yo rive ekspedye yo epi administre nan peyi a. Toutfwa, lide ki fè kwè ke enjeksyon sa yo pral genyen dispozitif ki enplante pou swiv moun nan abitan Ohio yo se fo.

*Mit: Vaksen KOVID-19 yo lakoz enfètilite oubyen lòt pwoblèm medikal grav.*

### **REYALITE: Okenn pwoblèm sekirite grav pa t rive obsève pou vaksen KOVID-19 ki te rive aplike pou otorizasyon itilizasyon ijans.**

Nan [esè klinik faz 3 Pfizer-BioNTech](#) plis pase 43,000 endividi, ak [esè klinik faz 3 Moderna](#) avèk 30,000 partisipan, okenn pwoblèm sekirite grav pa t rive obsève. Efè segondè ki pi te komen yo se fatig, tèt fè mal, doule oubyen woujè nan zòn ou pran piki an, ak doule miskilè oubyen nan atikilasyon yo. Efè segondè tankou sa yo, menmsi yo pa agreyab, se siy ki montre òganism ou ap reponn konvenableman pou kreye iminite kont viris ki lakoz KOVID-19 la.

*Mit: Vaksen yo kapab lakoz otism.*

### **REYALITE: Vaksen yo p'ap lakoz otism.**

A chak fwa, gen etid k'ap fèt sou glòb la k'ap kontinye montre pa genyen [okenn koneksyon ant otism ak vaksen](#).

### **Kòman mwen fè konnen ki sous enfòmasyon sou vaksen KOVID-19 ki kòrèk?**

Li kapab difisil pou konnen ki sous enfòmasyon pou ou fè konfyans. Entènèt la, malerezman, kapab ranpli avèk dezenfòmasyon danjere sou vaksen KOVID-19 yo. Pi bon bagay ou kapab fè se edike tèt ou sou vaksen yo avèk enfòmasyon ki merite ou fè yo konfyans. Aprann plis sou [kijan pou jwenn enfòmasyon kredib sou vaksen](#) nan atik sa soti nan CDC nan <https://www.cdc.gov/vaccines/vac-gen/evalwebs.htm>.

Sous: [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#), [University of Maryland Medical System](#).

*Kreye 9 Des. 2020*

Pou enfòmasyon adisyonèl, vizite [coronavirus.ohio.gov](https://coronavirus.ohio.gov).

Pou repons ak kesyon sou KOVID-19 ou yo, rele 1-833-4-ASK-ODH (1-833-427-5634).

**Sante mantal ou enpòtan menm jan ak sante fizik ou. Si ou menm oubyen yon moun pwòch ou ap souffri anksyete ki gen relasyon ak pandemi kowonaviris la, gen èd ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7. Rele COVID-19 CareLine nan 1-800-720-9616.**